


## Windy Gale ak Gwo Siklòn Nan

### *Kesyon Esansyèl: Kisa sa Windy te fè pou l te rete van an?*

Gen yon fwa nan Florid te gen yon ti bebe fi ki te fèt. Jou swa sa a te tèlman gen van, van an te bwote montay yo; se sèlman tè plat ki rele Everglades la ki te rete. Kèk nan van sa a te soufle nan pitit fi a paske li te ka kontwole van an ak souf li depi l te tou piti, se sak fè yo rele l Windy Gale.



Yon jou lè Windy Gale te gen nevan yo te anonse yon siklòn nan radyo. Yo pat ka sispann siklòn nan ni yo pat menm ka fè prevansyon. Ou senpleman dwe rete anndan pou tann siklòn nan pase.

Windy pat kwè yo te sipoze rete anndan, li te rele zanmi l Gusty, yon pantè, pou te mennen l Miyami.



Windy te monte sou do Gusty. Gusty te kòmanse gwonde . Li te tèlman kouri li rive de minit anvan menm lè li te pati a. Siklòn nan t ap ravaje sou gòlf la. Windy te fè twa gwo souf pou l te rete van an. Li te souse tout van an, se sèlman yon ti briz ki te rete.

Majistra Miyami an te bay Windy ak Gusty meday pou l remèsye yo. Sa te kapab yon gwo dezaz nan eta Florid la. Windy ak Gusty te tounen de ewo. Windy te pouse yon soupi epi li soufle chapo Majistra a.

- 1. Ki konsey yo te bay moun yo pou sezon siklòn nan?**
- 2. Kijan Windy te fè pou l ale Miyami?**
- 3. Kisa Majistra a te fè pou l remèsye Windy ak Gusty?**
- 4. Kisa Windy te fè pou l rete van an?**